

Admisyon nan Lekòl Segondè: Voye odisyon ak lòt bagay sou entènèt avèk MySchools!

Chè Fanmi,

W ap konsidere nenpòt pwogram odisyon oswa pwogram ki gade dosye (screened) pou aplikasyon w lan? Asire w verifye si yo gen lòt egzijans. Pou pifò pwogram lekòl segondè, Toousa ou bezwen fè se mete yo sou aplikasyon w lan pou aplike. Kèk pwogram gen lòt egzijans, ou ka jwenn nan paj MySchools pwogram yo, anba seksyon Kritè chwa ("Selection Criteria.")

- **Pwogram odisyon yo** egzije aplikan yo fè odisyon. Ane sa a, ou ka fè odisyon vityèl pou nenpòt nan pwogram sa yo. Kèk pwogram odisyon ofri tou odisyon anpèsòn kòm yon lòt opsyon.
 - Pou pwogram ki ofri yonn nan opsyon yo, pa gen okenn avantaj si w fè odisyon vityèl oswa anpèsòn.
 - Tout pwogram ki nan menm domèn art la (tankou dans), paegzanp sa yo ki nan Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts, gen menm [kritè odisyon](#)—sa vle di ou ka aplike pou pwogram dans nan twa diferan lekòl avèk jis yon sèl odisyon.
- **Kèk pwogram screened** egzije pou aplikan yo fè yon entèvyou oswa yon disètasyon. Aprann kòman elèv jwenn òf nan pwogram screened yo ane sa a nan schools.nyc.gov/ScreenedHS.

VOYE LÒT MATERYÈL YO SOU ENTÈNÈT

Apati jodi a, ou ka log in nan MySchools ak voye dosye odisyon yo—ansanm ak kèk kritè pwogram Screened yo (si sa aplikab)—dirèkteman atravè kont ou an! Nan tablo (Dashboard) MySchools ou a, klike bouton ble ki make “Lòt materyèl” la pou li eksplikasyon ak telechaje(upload) dosye yo. [Sesyon sa a pral gide w nan pwosesis la](#). Delè pou upload nenpòt dosye se **1ye mas 2022**.

SONJE TOU POU APLIKE/ENSKRI

- **Pou chwa aplikasyon lekòl segondè:** mete 12 premye chwa pwogram ou yo—ki gen ladan nenpòt pwogram screened oswa pwogram odisyon—nan lòd ou pi pito a. Delè pou [aplike nan lekòl segondè](#) a se **1ye mas 2022**.
- **Pou pwogram LaGuardia sèlman:** [Enskri pou fè odisyon](#) epi mete chwa pwogram LaGuardia w yo. Tanpri sonje lekòl segondè espesyalize yo, tankou LaGuardia High School, yo itilize yon pwosesis admisyon apa, donk ou pa ka mete lekòl sa yo sou aplikasyon lekòl segondè w la. Delè pou enskri a se **1ye mas 2022**.

OU GEN KESYON OSWA OU BEZWEN SIPÒ?

Ale sou schools.nyc.gov/High ak schools.nyc.gov/SHS pou jwenn enfòmasyon ki resan sou admisyon. Ou bezwen èd avèk kont [MySchools](#) ou a oswa avèk nenpòt aspè nan admisyon an? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bòn chans,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou** lis pou resevwa mesaj pou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).